



MSPP



MESAJ ENPÒTAN !

Siklòn "Mélissa" gentan touche plizyè kote nan peyi a. Daprè bilan otorite konsène yo, premye inondasyon yo gentan atenn Latibonit (Gonayiv, Tè Nèv, Grandsalin ak Dedin). Nan depatman Nòdwès, komin Pòdpè, Senlwidinò ak Ansafolè, sa ki lakòz plizyè moun gentan kite lakay yo. Nan Sidès, nan komin Marigo, yon pyebwa tonbe epi touye yon moun.

Siklòn nan ap mache tou dousman sa ki vle di lapli ap kontinye tonbe pandan plizyè èdtan ankò.

KÈK PAMI SA N DWE FÈ POU N PWOTEJE LAVI NOU:

- Deplase sèlman lè w gen bezwen !
- Rete lwen rivyè, ravin ak kote dlo yo desann !
- Travèse a pye, sou do bèt osinon nan machin sèlman kote ki pa inonde !
- Mare bèt yo lwen ravin, rivyè ak falèz !

- Veye je sou timoun yo ! Fe yo jwe lwen dlo k ap desann !
- Mete tout papye ki enpòtan nou yo nan yon kote dlo p ap ka mouye !
- Koute radyo lokal yo epi swiv konsèy otorite yo !

**DANJE A TOUJOU LA, SE POU NOU
TOUT RETE VIJILAN !**